



Lafyèw sou Timoun: Fason pou Pran yon Tanperati

Ki diferan fason ki genyen pou pran tanperati kò yon timoun?

Rektal (nan fès la), oksilyè (anba bra), oral (nan bouch) ak tenpanik (nan zòrèy)

Ki metòd mwen ta dwe itilize pou pran tanperati kò pitit mwen?

Sonje pou li enstriksyon yo ki sou etikèt la anvan ou itilize yon tèmomèt, epitou mande pwofesyonèl swen sante ou oswa famasyen ou si ou gen kesyon. Pa janm kite yon timoun poukont li pandan w ap pran yon tanperati kò. Si ou pa byen konnen kijan pou pran yon tanperati rektal, sonje pou pale avèk pwofesyonèl swen sante tibebe ou anvan. Si pitit ou poko gen laj 3 mwa epi si li gen yon tanperati rektal ki depase 100.3 °F, sonje pou rele pwofesyonèl swen sante tibebe ou touswit. *Pa janm itilize yon tèmomèt ki gen mèki. Si yon tèmomèt ki gen mèki kraze sa kapab degaje mèki ki se yon sibstans toksik.*

Laj	Teknik ki Rekòmande
Tibebe jiska laj 3 mwa	Premye chwa: Rektòm
Twa (3) mwa jiska 5 kan	Premye chwa: Rektòm Dezyèm chwa: Zòrèy Twazyèm chwa: Zèsèl
Plis pase laj 5 kan	Premye chwa: Bouch Dezyèm chwa: Zòrèy Twazyèm chwa: Zèsèl

Rektal

Sonje pou itilize yon tèmomèt rektal ki la sitou pou pran yon tanperati nan rektòm nan. Anjeneral, li gen yon pwent ajan ki enpe pi awondi.

Fason pou pran yon tanperati rektal

- Netwaye tèmomèt la avèk dlo savon frèt epi rense li.
- Kouvri pwent ajan an avèk vazlin (tankou Vaseline®).
- Mete vant timoun nan anba sou yon sifas solid epi kenbe plamen ou ansanm avèk senti timoun nan enpe anlè fès timoun nan.
- Avèk lòt men an, antre tèmomèt la dousman nan rektòm nan (twou dèyè a) apeprè ½ ak 1 pous (apeprè longè pwent ajan an). Sispann si ou santi nenpòt rezistans. Pa kontinye antre li.
- Kenbe tèmomèt la anplas avèk de (2) dwèt, pandan ou kite men ou toutotou fès timoun nan.
- Kenbe tèmomèt la anplas pandan kantite tan ki endike nan enstriksyon manifakti a oswa jouk lè ou tande yon ti son “bip.” Retire tèmomèt dijital la epi li chif tanperati a. Tanperati nòmal la se 97.9°F a 100.3°F.
- Netwaye tèmomèt la.

Kontinye

Oral

Pa kite pitit ou bwè likid cho oswa frèt pandan 15 minit anvan ou pran tanperati kò li (sa ap chanje tanperati bouch li) epitou asire pa gen chiklèt oswa sirèt nan bouch pitit ou.

Fason pou pran yon tanperati oral

1. Netwaye tèmomèt la avèk dlo savon frèt epi rense li.
2. Mete pwent tèmomèt la avèk anpil prekosyon anba lang pitit ou pou fè li rive nan dèyè bouch la.
3. Fè timoun nan fèmèn bouch li men san li pa mòde tèmomèt la oswa san li pa pale. Fè pitit ou sonje pou li rilaks epitou pou li respire nòmalman nan nen li.
4. Kenbe tèmomèt la anplas pandan kantite tan ki ekri nan enstriksyon manifakti a oswa jouk lè ou tande yon ti son “bip.”
5. Retire tèmomèt dijital la epi li chif tanperati a. Tanperati nòmal la se 95.9°F a 99.5°F.
6. Netwaye tèmomèt la.

Zòrèy

Asire ou itilize yon tèmomèt espesyal pou zòrèy. Pa itilize li nan bouch, nan fès oswa anba bra. Swiv enstriksyon manifakti a pou itilize li.

Fason pou pran yon tanperati nan zòrèy

1. Itilize yon pwent sond ki pwòp chak fwa.
2. Pozisyon zòrèy la dousman lè ou redi li epi monte pati anlè zòrèy la. Sa ap ede aliyen kanal zòrèy la epitou fè li pi fasil pou antre tèmomèt la kòrèkteman.
3. Antre tèmomèt la dousman nan kanal zòrèy la jouk lè li ajiste kòrèkteman.
4. Peze epi kenbe bouton an pandan kantite tan ki ekri nan enstriksyon manifakti yo.
5. Retire tèmomèt dijital la epi li chif tanperati a. Tanperati nòmal la se 96.9°F a 100.4°F.

Oksilyè (anba bra)

Metòd sa a pa egzat menm jan avèk lòt metòd yo. Ou ka bezwen itilize swa yon tèmomèt rektal oswa yon tèmomèt oral pou jwenn yon rezilta ki egzat.

Fason pou pran yon tanperati oksilyè

1. Netwaye tèmomèt la avèk dlo savon frèt epi rense li.
2. Mete pwent tèmomèt la nan mitan zèsèl la. Tèmomèt la ta dwe touche po a men pa rad la.
3. Asire bra pitit ou apiye kòrèkteman sou kò li.
4. Kite tèmomèt la anplas pandan apeprè 1 minit, oswa jouk lè ou tande son “bip” la.
5. Retire tèmomèt dijital la epi li chif tanperati a. Tanperati nòmal la se 94.9°F a 99.1°F.
6. Netwaye tèmomèt la.

